

Lisdatant pou lekòl presegondè ak lekòl segondè ap fèmen 15 septanm

Dat: 08/09/2023

Chè fanmi,

Nou espere pitit ou a kontan pou ane lekòl sa a!

Sa a se yon rapèl pou fè w konnen lisdatant pou lekòl presegondè ak segondè pou ane lekòl 2023-2024 la ap fèmen **vandredi 15 septanm**. Sa a se dènye dat pitit ou a ka resevwa yon òf sou lisdatant.

Si w pa resevwa yon òf sou lisdatant nan delè 15 septanm lan, pitit ou a dwe kontinye ale nan lekòl kote li ye kounye a. Si pitit ou a resevwa yon òf, w ap gen 7 jou pou aksepte/refize òf la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lisdatant, ale sou schools.nyc.gov/waitlists.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl presegondè ak lekòl segondè

Biwo enskripsyon elèv



Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa lòt mesaj ankò sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).